

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Panalungtikan ngeunaan simbol-simbol jeung ajén falsafah dina kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua, Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang ngahasilkeun sababaraha kacindekan, nya éta:

- 1) Kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua mangrupa kasenian buhun warisan karuhun Sumedang. Ieu kasenian mangrupa kasenian masarakat *agraris tradisional* Sunda nu kapangaruhan ku agama Islam. Hal éta katitén dina pungsi awalna nu aya patalina jeung masalah muka lahan pilemburan jeung tatanén. Dina kamekaran saterusna, kasenian Goong Rénténg dipintonkeun pikeun ngareuah-ngareuah poé gumelarna Nabi Muhammad SAW, ruwatan, salametan lembur atawa hiburan masarakat saupama aya nu nanggap.
- 2) Dina prak-prakanana, pintonan Kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua diwangun ku sababaraha prosési. Nu kahiji nya éta pra pintonan, nu mangrupa prosés nataharkeun sarat kalengkepan pintonan jeung nyieun rupa-rupa sasajén. Nu kadua nya éta prakna pintonan nu diwangun ku sababaraha runtuyan acara, nya éta: (1) tawasulan, (2) ngebakan/jamasan, (3) Hajat Mulud, (4) ijab jeung (5) pintonan inti. Dina pintonan inti, aya 14 lagu nu ditabeuh. Nu katilu nya éta pasca pintonan nu disebut ogé huripan.
- 3) Dina kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua digunakeun rupa-rupa pakakas (*property*) minangka sarat kalengkepan mintonkeun ieu kasenian. Pakakasna (*property*) nya éta: (1) pakéan nayaga nu ngawengku sapangadeg baju hideung jeung iket. (2) waditra dina kasenian Goong Rénténg nu ngawengku: (a) 17 penclon bonang nu diwadahan ku dua ancak. Ancak nu

kahiji ngawadahan lima penclon bonang, sedengkeun ancak nu kadua ngawadahan 12 penclon bonang, (b) 14 wilah gambang, (c) sapenlon jenglong/ketuk, (d) kendang, (e) goong géde jeung (f) dua pasang kecrék.

(3) Sasjén dina kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua kabagi jadi dua rupa, nya éta sasajén nu mangrupa kadaharan jeung sasajén non-kadaharan.

- 4) Sabada dititénan, dina kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua leubeut ku simbol-simbol jeung miboga ajén falsafah. Ajén falsafah dina kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua nyangkaruk dina simbol-simbol nu nyampak dina ieu kasenian. Éta simbol-simbol téh kapaluruh dina runtuyan acara jeung pakakas kalengkepan nalika pintonannana.

Kasenian Goong Rénténg ogé mangrupa sarana ngawariskeun *nilai* ti para karuhun Désa Cisarua sangkan bisa dijadikeun papagon hirup ku generasi saterusna.

- 5) Simbol-simbol jeung ajén falsafah nu nyampak dina kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran Basa Sunda hususna matéri ngeunaan “Maca Bahasan Kasenian” nu saluyu pikeun pangajaran siswa SMA kelas XII.

## 5.2 Saran

Saréngséna nalungtik kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua, Kacamatan Cisarua, Kabupatén Sumedang, karasa réa pisan mangpaatna pikeun panyusun.

Sangkan kamangpaatanana bisa karasa ku balaréa, panalungtik hayang nepikeun saran, nya éta:

- 1) Pikeun masarakat

Usep Nandang, 2013

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Semedang  
Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII

Ieu kasenian mangrupa warisan titinggal karuhun nu kudu diriksa jeung dimumulé ku masarakat. Dina ieu kasenian nyangkaruk rupa-rupa hal nu positif. Ku kituna, ieu acara ulah nepi ka mawa manusa kana kamusrikan.

2) Pikeun penyelenggara

Ieu kasenian téh hadé pisan pikeun dijaga tur dipintonkeun unggal waktuna sabab ieu kasenian miboga ajén-inajén nu positif.

3) Pikeun pamaréntah setempat

Dina kasajarahana, kasenian Goong Rénténg diwariskeun ka sing saha waé nu ngajabat jadi Kuwu (Kadés atawa Lurah) Désa Cisarua. Ku kituna, pihak pamaréntah Désa Cisarua saheunteuna kudu miboga anggaran husus pikeun ngariksa ieu kasenian.

Pikeun pamaréntahan Kabupatén Sumedang, kasenian Goong Rénténg mangrupa warisan titinggal karuhun Sumedang nu kiwari geus kurang populer. Ku kituna, kacida hadéna saupama ieu kasenian leuwih dipublikasikeun sajalan jeung *moto* Kabupatén Sumedang salaku “Puseur Budaya Sunda”.

4) Pikeun lembaga pendidikan jeung panalungtikan

Pikeun lembaga pendidikan, ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran hasanah kabudayaan jeung kasenian Sunda. Panalungtikan samodél kieu kacida hadéna dituluykeun deui sangkan ngabeungharan hasanah élmu pangaweruh hususna dina widang kabudayaan Sunda.

**Usep Nandang, 2013**

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Semedang  
Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII